



Pou Piblikasyon Imedya: 08/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 10 FINALIS YO TE CHWAZI POU PATISIPE NAN AKSELERATÈ INOGIRAL LUMINATE NY LA

Inisyativ 10 Milyon Dola Luminare NY la se pi gran Pwogram Akseleratè nan Mond lan pou Jèn Konpayi Teknoloji Optik, Fotonik ak Imajri yo

Inovasyon OPI la se yon Eleman Enpòtan nan Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 10 premye konpayi yo chwazi pou patisipe nan tout premye konpetisyon akseleratè Luminare NY Eta New York la yo. Finalis klas inogiral la gen ladan jèn konpayi optik, fotonik, ak imajri yo (optics, photonics and imaging, OPI) chwazi apre yo te prezante ide yo devan panèl ki gen espesyalis endistri a pandan seremoni Prim Luminare NY Lighting lan nan Rochester mèkredi 8 Novanm lan.

“New York fyè pou l investi epi sipòte kwasans nouvo konpayi teknoloji avanse sa yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Investisman estratejik yo te deja mete Rochester nan yon pozisyon kòm yon lidè global nan endistri optik, fotonik ak imajri yo, epi atravè konpetisyon Luminare NY, nou pral kontinye mete aksan sou tout sa rejyon an gen pou l ofri, pandan n ap atire konpayi 21èm syèk yo pou yo kontinye fè vanse rejyon Finger Lakes la vè lavan.”

“Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Rochester nan avangad fotonik ak imajri yon lòt fwa ankò, sa k ap ajoute sou eritaj rich optik”, **Gouvènè Adjwen Hochul ki te patisipe nan seremoni koupe riban an te deklare.** “Konpetisyon Luminare NY se evidans kwasans ekonomik lan ap pran pye. Rejyon an ap vin tounen yon sant mondyal byen rapid nan domèn sa a gras a yon gran rezèv mendèv ki plen talan ak potansyèl, sa k ap fè inisyativ ‘Finger Lakes Forward’ vanse avèk anpil elan.”

Konpetisyon an te resevwa enterè nan men plis pase 100 aplikan ki soti toupatou nan mond lan pandan premye faz la, ki gen ladan ekip ki soti Kanada, Swis, Iland, Almay, Ekòs, End, Lachin, Larisi, Kata, Liban, Izrayèl ak Ozetazini.

10 finalis yo te chwazi yo gen ladan:

Nan Domèn Aparèy Fotonik, Lezè, Materyèl ak Afichaj:

- Arovia, Inc. - Houston, TX
- Lumotune - Waterloo, Ontario, Canada
- Molecular Glasses, Inc. - Rochester, NY

Nan Domèn Espektwoskopi ak Aparèy Medikal:

- LighTopTech Corp. - Rochester, NY
- Intelon Optics, Inc. - Boston, MA

Nan domèn Reyalyte Ogmante ak Vityèl, Sansè, Entrismantasyon, Teknoloji pou Rekonèt Imaj:

- Bounce Imaging - Boston, MA
- Double Helix LLC - Philadelphia, PA
- Think Biosolution - Dublin, Ireland
- Positive Science - Rochester, NY
- Tarsier Optics, Inc. - Baltimore, MD

Chak konpayi pral resevwa 100,000 milyon dola investisman inisyal epi yo pral fè pati premye kowòt inisyativ la, yo pral lanse l an janvye 2018 nan bilding Sibley yo fenk renove nan sant vil Rochester a. Pwogram 6 mwa a pral ede ekip sa yo jwenn ide pou yo akselere komèsyalizasyon yo. Nan fen pwogram lan, ekip yo pral antre an konpetisyon pandan Jounen Demonstrasyon an (Demo Day), kote yo pral chache vin gayan plis pase 2 milyon dola nan finansman adisyonèl. Prim Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta (Upstate Revitalization Initiative) Finger Lakes Forward la ap founi finansman pou pwogram 10 milyon dola sa epi High Tech Rochester pral jere l.

Inisyativ Luminate NY la pral sipòte inovatè yo te chwazi yo pandan y ap devlope ide yo nan Rochester ak èd espesyalis endistri a yo, biznis, ak inivèsite lokal yo. Pwogram lan gen objektif pou l ede antreprenè ki enterese nan rezoud pwoblèm optik, fotonik ak imajri difisil yo, tankou men pa sèlman: vizyon atifisyèl, enspeksyon, biyofotonik, sekirite, siveyans, reyalite ogmante ak vityèl, ak veyikil otonòm yo.

Luminate NY la pral ajoute sou Enstiti Ameriken pou Fabrikasyon Fotonik Entegre (American Institute for Manufacturing Integrated Photonics, AIM Photonics) Depatman Defans Etazini an (U.S. Department of Defense) ap dirije a, ki resevwa sipò yon angajman 250 milyon dola nan men Eta New York la pran epi li pral baze nan Rochester nan izin modèn depwent AIM gen nan Eastman Business Park la. Yo pral itilize etablisman an pou fè tès, asanblaj ak anbalaj pis elektwonik pou yo itilize kòm foton nan plas elektwon yo pou ogmante pèfòmans sikwi semikondiktè yo. AIM Photonics, ke Gouvènè Cuomo ak Vis-Prezidan Joe Biden te anonse pou premye fwa an jiyè 2015, pral ede garanti pozisyon lidèchip rejyon Finger Lakes la ak nasyon an nan rechèch, devlopman, ak fabrikasyon teknoloji ki fenk ap parèt yo.

Direktè Jeneral Luminate NY la, Sujatha Ramanujan, te di, “Nou kontan anpil paske nou kapab travay ak 10 konpayi pwometè anpil sa yo. Avèk kreyativite, enèji, ak

kapabilite jèn konpayi ak direktiv ak sipò endistri optik ki gen syèj prensipal li nan Rochester, NY, nou prevwa anpil siksè nan kowòt Luminare NY. Inovasyon pwodwi kwasans ak pwomès”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Felisitasyon a ekip antrepreneryal yo chwazi pou patisipe nan nouvo konpetisyon sa a. Rejyon Finger Lakes la ap transfòme pou l vin tounen yon sant mondyal pou inovasyon optik, fotonik ak imajri. Akseleratè Luminare NY la pral plis sipòte efò nou ap fè pou konsantre sou resous antrepreneryal sou endistri fotonik, sa k ap kreye yon anviwonman ki pral pèmèt jèn konpayi sa yo, ak rejyon, pou yo pwospere”.

Prezidan Inivèsite Kominotè Monroe a (Monroe Community College), Anne Kress ak Prezidan ak PDG Chanm Komès Rejyon Metwopolitèn Rochester a (Greater Rochester Chamber of Commerce), Bob Duffy, ki se de Koprezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la (Finger Lakes Regional Economic Development Council) te di, “Felisitasyon a ekip inovatè sa yo paske yo te chwazi yo pou yo fè pati premye faz pwogram akseleratè inovatè Luminare NY la nan Rochester. Konpetisyon inik sa a pral ede rejyon an pou plis tabli tèt li kòm yon lidè global nan pwodwi abaz limyè k ap boujonnen yo ak nan endistri sèvis la, sa k ap ede fè rejyon Finger Lakes la vanse pandan anpil ane k ap vini ankò”.

Senatè Eta Joe Robach te di, “Luminare NY se yon trè bèl opòtinite epi avèk plis pase 10 finalis yo chwazi a yo, konpayi yo konprann yon lòt fwa ankò, Rochester alatèt devlopman teknoloji inovatè ki gen potansyèl pou revolisyone fason nou viv lavi nou. Rezilta pwogram sa a pral kreye opòtinite ak devlope djòb isit la menm nan kominote nou an.”

Lidè Majorite Asanble a Joseph D. Morelle te deklare, “Luminare NY ap ofri yon opòtinite enkwayab pou jèn konpayi enpresyonan sa yo lè yo bay yo zouti enpòtan ak resous yo bezwen pou yo devlope ak pwospere isit la menm nan kominote nou an. Epitou, 10 finalis yo chwazi yo pral jwe yon wòl enpòtan nan efò pou kontinye refòm ak redemaraj ekonomi rejyon an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li kontinye investi nan potansyèl anpil inovatè kap travay di genyen pou yo ede bati yon New York ki pi djanm”.

Egzekitif Konte Monroe a Cheryl Dinolfo te di, “Konpetisyon inovatè sa ap ajoute sou fòs istorik kominote nou an gen nan domèn optik la ak potansyèl li genyen pou l atire djòb ak investisman isit la kounye a ak alavni. Mwen felisite finalis lilluminare NY yo epi mwen remèsye yo paske yo ap ede klere flanbo a sou chemen yon avni ki gen plis djòb ak yon ekonomi ki pi solid isit la menm an Konte Monroe a”.

Majistra Lovely A. Warren te deklare, “Mwen kontan anpil paske anpil konpayi enterese pote djòb ak opòtinite nan sektè teknoloji avanse a. Pwojè Luminare NY la natirèlman apwopriye pou Rochester epi l ap ajoute sou tradisyon nou kòm yon lidè endistri optik, fotonik ak imajri nan lemond antye. Dis finalis sa yo nan yon meye pozisyon pou yo rete lidè ekonomi lokal nou an pou l ka la pou pwochèn jenerasyon an, gras a Gouvènè Cuomo ak investisman Eta kontinye ap fè nan vil nou an yo”.

Pou plis enfòmasyon sou akseleratè Luminare NY la, klike [isit la](#).

Akselerasyon pwogram “Finger Lakes Forward”

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis pase 5.2 milya dola nan rejon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418